ISSN: 2181-3906
2024

*International scientific journal*
*«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»*
*VOLUME 3 / ISSUE 2 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ*

# ULIWMA BILIM BERIWSHI ORTA MEKTEPTIŃ BASLAWISH KLASS OQIWSHILARIN ÁDEP-IKRAMLILIQQA TÁRBIYALAWDA KLASTAN TIS TÁRBIYALIQ ISLERDIŃ TUTQAN ORNI.

**Dúysenbaev Jolmırza Temirbek ulı**
NMPI Pedagogika fakulteti 2-kurs talabası.
**Saparbaev Tajibay (ilimiy basshı)**
Ájiniyaz atindaği NMPI Pedagogika kafedrası docenti, pedagogika ilimleri. kondidatı.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.10719115***

***Annotaciya.*** *Maqalada ulıwma bilim beriwshi orta mekteptiń baslawısh klass oqıwshılarınıń ádep ikramlılıqqa tárbiyalawda klastan tıs islerdiń pedagogikalıq áhmiyeti hám texnologiyaları sóz etiledi.*

***Gilt sózler:*** *Mektep,baslawısh klass oqıwshıları,ádep-ikramlılıq,klastan tıs,jámiyet, tártiplilik,qarım-qatnaslar, ádebiy shığarmalar, úlgi,órnek.*

## THE ROLE OF EXTRACURRICULAR EDUCATIONAL ACTIVITIES IN THE EDUCATION OF ELEMENTARY SCHOOL STUDENTS OF A GENERAL SECONDARY SCHOOL.

***Abstract.*** *The article talks about the pedagogical significance and technologies of extracurricular activities in the moral education of elementary school students of general education secondary school.*

***Key words:*** *School, elementary school students, manners, extracurricular, society, orderliness, communication, works of art, model, role model.*

## РОЛЬ ВНЕКЛАССНОЙ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ В ОБУЧЕНИИ УЧАЩИХСЯ НАЧАЛЬНЫХ КЛАССОВ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЙ ШКОЛЫ.

***Аннотация.*** *В статье говорится о педагогической значимости и технологиях внеклассной деятельности в нравственном воспитании учащихся начальных классов общеобразовательной средней школы.*

***Ключевые слова:*** *Школа, младшие школьники, манеры, внеклассное время, общество, упорядоченность, общение, произведения искусства, модель, образец для подражания.*

Oqıwshılardı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw ulıwma bilim beriwshi orta mekteplerdiń eń tiykarğı wazıypalarınıń biri bolıp esaplanadı. Ádep-ikramlılıq tárbiyasi hár qanday tárbiyanıń jetekshisi wazıypasın atqaradı. Ádeplilik degende adamlardıń belgili bir jámiyet ushın tán bolğan insaniy múnásebetler sisteması menen baylanıslı bolğan minez qulıqların belgilep beretuğın nızamlılıq qádelerin túsiniw múmkin. Ádeplilik hár bir jeke adamnıń jámiyetlik ómirinde eń áhimiyetli qásiyetlerdiń biri bolıp esaplanadı. Hesh qanday jámiyet óz ağzalarınıń belgili ádep-ikramlılıq qádelerin retlestirmey olardıń óz-ara normal qatnasın támiyinlewi múmkin emes.

Jámiyet tárepinen belgilengen qádeler, talaplar jeke adam minez-qulqın bahalaw ushın tiykar bolıp esaplanadı.

Mine usı talaplardıń orınlanıwına qaray jeke adamnıń minezindegi ayırım háreketler hám ádetler maqullanadı yáki qaralanadı.Jámiyettiń rawajlanıwı menen ádep-ikramlılıq tárbiyası quramalasıp, jámiyettiń ózgerwi menen ózgerip otıradı. Jámiyettegi adamlardıń ádep ikramlılıq qásiyetleriniń qanday dárejede qálipleskenligi olardıń óz watanın qan day dárejede súyiwinen belgili boladı desek qátlespeymiz. Sonlıqtan mektepte sabaq paytında, sonday-aq sabaqtan tıs alıp barılatuǵın tárbiyalıq islerde oqıwshılardı ásirese baslawısh klass oqıwshılarınan baslap ádeplilik qádelerin qáliplestirip barıwımız tiyis.

Adamlarda ádep-ikramlılıqtıń dárejesi onıń basqalar menen bolǵan qatnaslarında da anıq sáwlelenedi. Mısalı: basqalardı húrmet etiwi, basqalarǵa dıqqat bóliwi, basqalarǵa járdemge tayarlıǵı t.b qásiyetlerinde anıq kórinedi. Ádep – ikramlılıqtıń adamlarda qalay qálipleskenligi onıń jáámátke bolǵan qatnaslarında da belgili boladı. Haqıyqatlıq, hadallıq, ǵárezsizlik, juwapkershilik, uyat, ar, namıs, sarraslıq, tabanlılıq taǵı basqada páziyletler ádep-ikramlılıqtıń eń áhmiyetli belgileri bolıp esaplanadı. Ádep –ikramlılıq tárbiyasın beriwdiń hár qanday túrleri, jolları, usılları, metodları Ózbekstan óz ǵárezsizligin alǵannan soń bir qansha jetilistirilip atır.

Ǵárezsizlik sharapatı jas óspirimlerdi xalqımızdıń milliyligi tiykarında tárbiyalawǵa úlken jol ashıp berdi.

Haqıyqatında da milliy mádeniyatımızdıń hár tárepleme rawajlanıwında milliy tárbiyanıń, milliy mekteptıń tutqan ornı oǵada ullı. Házirgi waqıtta mekteplerde ádep – ikramlıq tárbiyasın jas óspirimlerge beriwde ata – babalarımızdıń násiyatları, oy – pikirleri, jol – jobaları keńnen úyrenilmekte. Beruniy, Farabiy, Rudakiy, Saadiy, Omar Hayyam, Maqtumqulı Berdaq, Ájiniyaz, Abay t.b.Jas óspirimlerge, ásirese baslawısh klass oqıwshılarına ádep – ikramlıq tárbiyasın ósiriwde klastan tıs islerdiń tárbiyalıq áhemiyeti ullı. Olardan oyınlar háreketli, yarım háreketli, komandalı, estafeta formasındaǵı sonday – aq mazmunlı t.b. Ertekler, gúrrińler, ushrasıwlar, qızıqlı kesheler, bayramlar ( Ǵárezsizlik bayramı, Jańa jıl bayramı, 8 – mart bayramı Nawrız bayramı t.b ) Viktorinalar, jarıslar, kórgizbeler, teatrlarǵa aparıw t.b klastan tıs islardı alıp barıw arqalı oqıwshılarǵa ádep – ikramlıq tárbiyasın beriw múmkin.

Ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw durıslı sanası tereń mazmunlı morallıq sezimlerdiń, minezdiń morallıq erk kelbetlerin, durıs minez qulıq penen birlikte qáliplestiriwdiń uzaq dawam etetuǵın quramalı barısı bolıp esaplanadı.Mektepke 1-kalsqa jańa kelgen balalarda geypara morallıq túsinikler, minez kelbetleri, minez-qulıqtıń belgili dárejedegi kónlikpeleri ornaǵan boladı.

Mısalı ayrım balalar óz joldasları menen tatıw qatnas jasay aladı, birin-biri húrmet etedi al geybir balalarda bul qásiyetlerdiń kerisi júz beriwi múmkin.Olardı ádep ikramlı jaslar etip tárbiyalawda klastan tıs tárbiyalıq islerdiń haqiyqatındada tutqan ornı oǵada ullı. kerekli jerinde járdem beredi, sheriklesedi. Mekteptiń kishi, orta hám joqarı jastaǵı oqıwshılarda qáliplestiriwi lazım bolǵan áhimiyetli morallıq qásiyetleri I-IV klaslarǵa arnalǵan “Mekteptegi tárbiyalıq jumıstıń úlgi joybarında” kórsetilgen. Tárbiyalıq jumıstıń maqseti muǵallimdi balalarda ádep-ikramlıq belgileriniń baslamasın qáliplestiriwge baǵdarlaydı. Bul eń aldı menen balalardıń kúndelikli minez-qulqınıń mazmunına kiretuǵın mektep oqıwshısınıń minez-qulqınıń durıs hám durıs emes qılıqlar haqqında túsinikler boladı: olardıń óz minnetlerine bolǵan qatnasları, mekteptegi, úydegi, kóshedegi, jámiyetlik orınlardaǵı minez-qulqı . Kishi jastaǵı oqıwshılar ushın diydilengen morallıq kriteryalar olarǵa túsinikli bolıp keletuǵın jaqsı menen jamandı ápiwayi ǵana ajiratıp alıw prinspinde ornatıladı: “... jaqsı qılıq degenimiz- oqıwshınıń barlıq minnetlerin tolıq

hám sarras orınlawı … jaman qılıq degenimiz- kórsetilgen talaplardı orınlamawǵa jol qoyıw, jámáátti, joldaslarıń sıylamaw, olardıń pikirlerin bahalamaw”.

Morallıq minez-qulıqtı tárbiyalawdıń wazıypaları balardı minez-qulıqtıń ózleriniń kúshlerine ılayıq keletuǵın normaların hár kúni orınlap barıwǵa úyretiwdi, durıs ádetlerdi qáliplestiriwdi talap etedi. Ádep-ikramlılıq qádeleri tárbiyanıń jańa wazıypalarına hám oqıwshılardıń jaslarına muwapıqlastırıp alınǵan: olar oqıwshıdan inta menen oqıwdı, kópshiliktiń paydası ushın isleytuǵın miynetke qatnasıwdı , jámiyetlik hám jeke múlikke ıqtıyat penen qarawdı, ózinen úlkenlerdi hám kishkenelerdi húrmetlewi, durıs sózlik hám haqıyqatshılıqtı kishi peyillik hám azadalıqtı talap etedi.

Alippeni ózlestiriw bunnan bılay oqıtıw ushın tiykar bolǵanı sıyaqlı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw ushın óz aldına álippe bolıp qızmet etedi. Sonday aq “Jas óspirimler”, “Jaslar awqamı” basqıshlarınıń talapları da bahalar- balarǵa arnalǵan. Múǵallimniń wazıypası- kishkeneler hám jas óspirimlerde qádeler hám nızamlardı orınlaw ushın juwapkerlik sezimlerin tárbiyalawda tárbiyashılarǵa járdem beriwden ibarat boladı. Kishi jastaǵı oqıwshınıń minez-qulqın belgilep beretuǵın morallıq túsinikler, sezimler, ádetlerdiń ózine tán bolǵan kompleksı usılay dúziledi.

Ádep-ikramlılıq qásiyetlerin tárbiyalaw tárbiyalıq jumıstıń aytarlıqtay óz aldına ayrıqsha túri emes, al balalar menen alıp barılatuǵın oqıw tárbiya jumısınıń barlıq bólimshelerinde, sabaqlarda, oqıtıw hám miynetke tárbiyalawda estetikalıq hám fizikalıq tárbiyanıń hámme procesinde ámelge asıratuǵın tutas xizmet bolıp esaplanadı. Bul jumıslar ádep-ikramlılıqtı tárbiyalawdıń tiykarǵı jolı, basqalardıń gúllan turmısın hám qizmetin, eń aldı menen mektep jámááttegi oqıwın hám miynetin shólkemlestiriw arqalı ádep-ikramlı minez-qulıq tájiriybelerin toplaw boladı. Ádep-ikramlılıq normaların biykardan biykarǵa úyrenip alıwǵa bolmaydı: baslawısh klass múǵallimlerine kishi jastaǵı oqıwshılardıń hár qanday norma hám talaplardı yadlap alıwı qánshelli jeńil bolsa, olardı umıtıwı da sonshelli ańsat ekenligi málim. Túsinilgen eń baslısı jeke tájiriybede tereń hám emotsional dárejede sınalǵan nárseler bala sanasına bekkem ornalasadı. Bunnan balarǵa olardıń minez-qulıq normaların túsindiriwi usı normalarǵa muwapıqlastırıp olardıń xizmetin sholkemlestiriw menen úylestiriwden ibarat tárbiyalıq isenimlerdiń áhimiyetli prinsipi kelip shıǵadı. Túsindiriw jumısı ballardı qorshaǵan jámiyetlik miynet penen baylanıstırılsa, olaraǵı ádep-ikramlı minez qulıqtıń tájireybesine, olardıń ózleriniń kúshine qaray kópshilik paydası ushın isleytuǵın jumıslarına súyense tásirlirek boladı.

Kishi mektep jasındaǵı oqıwshıları ushın jámiyetlik turmıs penen tanıstırıwdında áhmiyetli orın tutadı, olarǵa ápiwayı, mektepke jaqın jerlerdegi islep shıǵarıw orınları menen tanıstırıw arqalıda bir qansha turmısıy túsiniklerdi qáliplestiriw múmkin.Bul waziypalardı ámelge asırıwdıń birden-bir jolı sol óndiris orınlarına seyiller, sayaxatlar jasaw múmkin. Sayaxatlardı alıp barıwda mektep pedagog-xizmetkerleriniń juwapkershiligi oǵada ullı. Aldıńǵı qatar miynet adamları menen ushırasıw balalarǵa kúshli emotsional tásir kórsetedi. Múǵallim hám tárbiyashılardıń morallıq normaları menen qádelerdi túsindiriwge baylanıslı sózlerin kartinalar kóriw, kino filimler kóriw siyaqlı kórsetpeli qurallar menen jiyi-jiyi biriktirip turıw kerek. Túsindirilgen maǵlumatlardı balalar anıqraq hám emotsional túrde uǵıp alsa, olar bekkemrek ózlestiredi. Oqıwshılardı jámiyetlik miynet waqıyaları menen tanıstırǵanda, olar ózleriniń isleri boyınsha ózleri juwmaq shıǵarıwǵa úyrengen bolsa ǵana bul tanıstırıw olardıń morallıq jaqtan tárbiyalanıwına járdem etedi. Tásirlilik – túsindiriw jumısına qoyılatuǵın minnetli talap. Bul balalardı kópshilik mápi

ushın birlesip islenetuǵın jumıstı ózleri belgilep alıwǵa, bir-birine járdem beriwge, óz miynetiniń nátiyjesin jámáát bolıp bahalaw menen hár bir iske de qatnasıwǵa alıp baratuǵın jol.

Eliklewge kóbirek beyimlesken kishi jastaǵı oqıwshılardı ádep ikramlılıqqa tárbiyalawda jaqsı úlgi kórsetiwdiń rolı ayrıqsha. Qala hám awıllardaǵı aldıńǵı qatardaǵı miynetkeshler balalar ushın ádep-ikramli minez-qulıqtıń janlı mısalları bolıp xızmet etedi. Jaqsı jasawǵa hám islewge umtılıp atırǵan miynet adamları menen jaqsı tárbiyalıq kórilip shólkemlestirgen ushırasıwlardıń tárbiyalıq áhimiyeti oǵada ullı. Balalar xalıq mápi ushın xizmet etken adamlardıń miyneti menen xizmetin qánshelli anıq etip kóz aldına elesletse, olarǵa eliklewide sonshelli boladı Sabaqta oqıw barısında qáliplesetuǵın ádep-ikramlılıq qatnas sıpatı klastan tıs jumıslarda bekkemlenedi yamasa bir qansha ózgerislerge ushraydı. Klastan tıs jumıslar oqıwshılar xizmetiniń hár túrli formalarına hám onıń mazmunına kútá bay. Balalar sabaqtan tıs waqıtta jámiyetlik paydalı miynetke aralasadı, kishi mektep jastaǵı balalar tapsırmalardı orınlaydi, birge oynap, birge sayaxatlarǵa baradı, sonday-aq sport islerine qatnasadı juwırıwdan, sekiriwden, mergenlikten hám taǵıda basqada sporttıń túrleri menen shuǵıllanadı. Nátiyjede sporttıń hár bir túriniń shártlerin orınlaw arqalı tártiplilik, sarraslıq, ádillik, sabırlılıq, shıdamlılıq qásiyetleri qáliplesip baradı. Balalardıń óz-ara qarım-qatnası ushın olardıń jámáát túrde islesiwin, oynawınıń áhimiyeti ullı. Balalardıń óz háreketlerin basqalardıń háreketleri menen úylestire biliwi, bir-birine járdem bere almawı, olardıń birge bolıwǵa umtılıwın payda etedi, olardıń óz – ara qarım – qatnasına unamsız tásirin tiygizedi.

Balalardıń birlesip háreket etiwge úyreniwı ushın jumıstı jobalastırıw miynetti bólistiriw, ózine berilgen tapsırmanı orınlaw hám barlıq isti bir tutas jumıs túrinde dıqqatta tutıw, ortaq jumısqa esap bere biliwi ushın múǵállim balalarǵa kórsetpe beredi hám bul islerdi qalay orınlaw kerekligin túsindiredi. Balalardı jámáátlik hárekettiń usıllarına úyretiw muǵállimniń ayrıqsha hám arnawlı wazıypasın quraydı. Jámáátlik jumıs ústinde balalardıń arasındaǵı payda bolatuǵın iskerlik qarım – qatnaslar kóplegen jaǵdayda úlkenler tárepinen retlestiredi. Muǵállim jumıstıń sapasına , oyın barısına sonıń menen birge usı jámáátlik háreketlerge qatnasıwshılar arasında payda bolatuǵın qarım – qatnaslarǵa da anıq talaplar qoyıwı kerek. Balalar bul talaplardı biliwi hám túsiniwi tiyis.

Óz oqıwshıların oqıtıp hám tárbiyalay otırıp baslawısh klass muǵállimleri olardı miynetkesh qol menen isleytuǵın jerlerde miynet etiwge, bilimin dawam etiwge tayar turatuǵın mektepti pitkeriwshiler retinde kóredi. Bul idealǵa muǵállim miynet tárbiyasınıń maqsetin, mazmunın, sıyasıy hám ádep – ikramlıq tárbiya menen birge jobalastıra otırıp jumısın baǵdarlaydi.

Balalar jámáátinde ádep – ikramlı minez – qulıq rejeleri úlgi normalarǵa tiykarlanıp dúziliwi kerek. Biraq turmıstaǵı hámme qubılıslarǵa, barlıq anıq jaǵdaylarǵa , arnap aldın ala dál rejelerdi islep qoyıw múmkin emes. Hár bir jaǵdayǵa sáykes minez – qulıqtı quraytuǵınday etip morallıq normalardı belgilew baǵdarında is alıp barıw kerek. Ádep – ikramılı minez – qulıq rejelerdi dáslep úlken adamlardan, sońınan keyin barıp balalardıń ózlerinen shıǵatuǵın sırtqı talaplar bolıp tabıladı. Bular balanıń óz- ara qarım – qatnasqa baylanıslı belgili bir háreket normaların payda etiwine járdem etedi, yaǵnıy minez – qulıq rejeleri minez – qulıq normaların anıqlap beredi. Mektep tájriybesinde bul rejeler jeterli jaǵdayda anıq bolıwı kerek. Bul eń aldı menen tapsırma wazıypalardı bólistiriw menen, qollanıw hám járdem beriw menen baylanıslı jaǵdaylar bolıp tabıladı.

Baslawısh klastıń oqıwshıları oqıwdıń tórt jılı dawamında ilimiy bilimler aladı, tárbiya hám ulıwma ruwxıy rawajlanıw basqıshlarınan ótedi . Olar bul waqıtta ózleriniń bilim toplawǵa aktiv, haqıyqat qatnası menen kózge túsedi. Baqlawlarǵa baylanıslı óz betinshe islewge berilgen tapsırmalardı orınlaw waqtında olar ózlerin kishkene izertlewshilerdey sezinedi dep joqarı baha beriwgede boladı. Muǵállimniń tábiyat qubılısların baqlawǵa balardıń maqsetli isi, oqıwshılardıń dúnya tanıwdıń jańa qırların ashıp beretuǵın ádebiyat shıǵarmaları menen tanıstırıwı balardıń sezimin, sóylew tilin bayıtadı, olardıń tábiyattı burıngıdan da tereńrek hám názigirek túsiniwin tárbiyalawǵa járdem beredi. Balalardıń kewil–keypiniń kóterińki bolıwı ádep – ikramlılıq túsinigine oǵada kúshli tásir jasaydı. Oqıwshılardı baslawısh klasslarınan baslap ádep – ikramlılıqqa tárbiyalaw ómirdiń ózi talap etken, eń áhmiyetli mashqalalardıń biri bolıp esaplanadı.

Sebebi jámiyettiń rawajlanıwı, jámiyet aǵzalalarınıń sanasına olardıń tárbiyalıq dárejesine tikkeley baylanıslı. Al usi áhmiyetli mashqalanı sheship, alǵa qoyǵan wazıypalardı turmısqa asırıwda mekteptiń atqaratuǵın xizmeti oǵada ullı. Mekteplerde baslawısh klass oqıwshıları menen klastan tıs jumıslardı durıs alıp barıw hám onıń oqıwshılarǵa tásirli bolıwı pedagog-xizmetkerlerden jumıstı durıs shólkemlestirwdi talap etedi.

**REFERENCES**

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. - Т.: “ Ўзбекистон”, 2016.
2. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб - интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятини кундалик қоидаси бўлиши керак. - Т.:” Ўзбекистон”, 2017.
3. Sh.Baraktov. O`quvchi shaxsini o`rganish usullari. T.: «O`qituvchi», 1995 y.
4. Ochilov Z. Sinfdan tashqari tarbiyaviy ishlarda kasbga yollashni shakllantirish. – T: “Oqituvchi”, 1996.
5. Jo`raev A.J. Tarbiyaviy soatlarni o`tish. –T.:O`qituvchi, 1994 y.
6. Tajimuratova S. CONCEPT OF FURTHER DEVELOPMENT OF NATIONAL CULTURE IN UZBEKISTAN //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 251-254.
7. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 841-849.
8. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
9. Sag’inbaevna T. S. Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence //Spanish Journal of Innovation and Integrity. – 2023. – Т. 18. – С. 39-41.
10. Tajimuratova S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 841-849.
11. Saginbaevna T. S. Management and study of culture and art. – 2022.

12. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
13. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
14. SAGINDIKOVA N. RESPONSIBILITY AND ITS MANIFESTATION IN YOUTH PSYCHOLOGY.
15. Nargiza S. STUDENTS'SELF-CONFIDENCE AND MOTIVATION FEATURES IN THE EDUCATIONAL ACTIVITY //European Journal of Research and Reflection in Educational Sciences Vol. – 2016. – Т. 4. – №. 9.
16. Сагиндикова Н. Д. Ж. ОСОБЕННОСТИ САМОУВЕРЕННОСТИ СТУДЕНТОВ //PSIXOLOGIYA Учредители: Бухарский государственный университет. – №. 2. – С. 100-102.
17. Сагиндикова Н. Ж. К вопросу об ответственности студентов в учебной деятельности //Казанский педагогический журнал. – 2014. – №. 5 (106). – С. 155-162.
18. Сагиндикова Н. РАЗРАБОТКА СТРУКТУРНОЙ СТРУКТУРЫ ГЕНДЕРНОЙ ОТВЕТСТВЕННОСТИ ЛИЧНОСТИ ПЕДАГОГА //Академические исследования в современной науке. – 2023. – Т. 2. – №. 24. – С. 169-174.
19. Сагиндикова Н. ПСИХОЛОГИЯДА "ЛОКУС ТЕКСЕРИЎ" КОНЦЕПЦИЯСЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎИ Сагиндикова НЖ //ВЕСТНИК КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ БЕРДАХА. – 2016. – Т. 31. – №. 2. – С. 58-60.
20. Сагиндикова Н. Д. Ж. ОСОБЕННОСТИ САМОУВЕРЕННОСТИ СТУДЕНТОВ //PSIXOLOGIYA Учредители: Бухарский государственный университет. – №. 2. – С. 100-102.
21. Сагиндикова Н. Ж. Психологияда ижтимоий масъулиятнинг ўрганилиши //Современное образование (Узбекистан). – 2017. – №. 2. – С. 41-46. Сагиндикова Н. Ж. УУК: 370.153 ТАЛАБАЛАРДА МАСЪУЛИЯТ ХУСУСИЯТИНИНГ НАМОЁН БУЛИШИ //ХАБАРШЫСЫ. – С. 58.
22. Sagindikova N. J. THEORETICAL ANALYSIS OF THE CONCEPT OF GENDER RESPONSIBILITY //International Scientific and Current Research Conferences. – 2023. – С. 127-130.
23. Sagindikova N. J. FACTOR ANALYSIS OF GENDER CHARACTERISTICS OF STUDENTS'RESPONSIBILITY FOR LEARNING ACTIVITIES //Journal of Positive School Psychology. – 2022. – Т. 6. – №. 2. – С. 3388-3395.
24. Сагиндикова Н. Ж. Психологияда ижтимоий масъулиятнинг ўрганилиши //Современное образование (Узбекистан). – 2017. – №. 2. – С. 41-46.
25. Sagindikova N. J. THEORETICAL ANALYSIS OF THE CONCEPT OF GENDER RESPONSIBILITY //International Scientific and Current Research Conferences. – 2023. – С. 127-130.

26. Сагиндикова Н. РАЗРАБОТКА СТРУКТУРНОЙ СТРУКТУРЫ ГЕНДЕРНОЙ ОТВЕТСТВЕННОСТИ ЛИЧНОСТИ ПЕДАГОГА //Академические исследования в современной науке. – 2023. – Т. 2. – №. 24. – С. 169-174.
27. SAGINDIKOVA N. RESPONSIBILITY AND ITS MANIFESTATION IN YOUTH PSYCHOLOGY.
28. Sagindikova N. J. RESEARCHING THE ESSENCE OF GENDER IN PSYCHOLOGY //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 999-1003.
29. Sagindikov J. N. TAKE RESPONSIBILITY IN STUDENT LIFE //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 1038-1042.
30. Sagindikova N. J. RESEARCHING THE ESSENCE OF GENDER IN PSYCHOLOGY //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 999-1003.
31. Daribaev A., Sagindikova N. HISTORY OF PSYCHOLOGY //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 1162-1166.

Internet saytları:

32. www. tdpu. Uz
33. www. pedagog. Uz
34. www. Ziyonet. Uz
35. www. edu. Uz
36. dpu-INTRANET. Ped